# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

सर्वोच्चय न्यायालय स्वास्थ्य करमियन क सुरक्षा सुनिस्चित करे खातिर राष्ट्रीय कार्यबल गठित कइले हवें। मुख्य न्याधीस, न्यायमूर्ति डी.वाई.चन्द्रचूड़ के अगुवाई वाली खण्डपीठ, कोलकाता के अस्पताले में एगो डाक्टर से दुष्कर्म अउर हत्या के मामिला के सुनवाई के दौरान आजु कार्यबल से तीन हफ्ता के भित्तर आपन अंतरिम अउर दुइ महिन्ना के भित्तर आखिरी रिपोर्ट पेस कर क निरदेस दिहले हवे। एह बिच्चे केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय अस्पतालन में सुरक्षा बढ़ावे खातिर केन्द्र सरकार के अस्पतालन अउर संस्थानन के सज्जों प्रमुखन के चिट्ठी लिखले हवे। येह पत्र में मंत्रालय प्रवेस, निकासी, गलियारा आ संवेदनसील इलाकन के लेके सज्जो प्रमुख जगहिन पर पुरहर संख्या में सीसी टीवी कैमरा लगवले क निरदेस दिहले हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु निपुण भारत मिशन के तहत चरगांवा ब्लाक के सज्जों परिषदीय स्कूलन बदे रोड टू स्कूल क सुभारंभ कइले। प्रदेस में ऐह परियोजना मे सबसे पहिले चरगांवा ब्लाक के चुनल गइल हवे। लइकन क स्कूले में नामांकन अउर उनकर मौजूदगी सुनिस्चित करे बदे सुरू कइल गइल ऐह परियोजना से पहिला फेरा में अट्हत्तर गो स्कूलन के सत्रहर हजार से बेसी लइकन लाभान्वित होईहें। परियोजना क दूसरका फेरा में भटहट ब्लाक के नब्बे विद्यालयन के चुनल गइल हौ। रोड टू स्कूल परियोजना के सुभारंभ के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि सिक्षा कवनहू समर्थ समाज अउर ससक्त राष्ट्र बदे बुनियादी जरूरत हौ। मुख्यमंत्री सिक्षिकन से अपील कइलें कि उहां के लइकन क भविष्य उज्जवल बनावे खातिर खुदो ज्ञान क कइगो आयाम के अपटेड रखे। रोड टू स्कूल परियोजना औद्योगिक समूह हिन्दूजा के अशोक लीलैंड अउर लर्निंग लिंक फाउण्डेसन क पहल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में कई गो इलाकन से आइल करीब तीन सौ लोगिन से मुलाकात कइलें। ऐह दौरान उहां के लोगिन क सेमेस्या सुनली अउर उनके निस्तारण क निरदेस जुडल अधिकरियन के दिहलीं। जनता दरसन में जमीन कब्जा कइले से जुड़ल सिकायतिन पर मुख्यमंत्री दबंग लोगिन के खिलाफ कडेर कार्रवाई कइले क निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि हर मनई के सेमेस्या क निवारण सरकार क प्राथमिकता हौ अउर एहमें कवनहू तरह के लापरवाही नाही होखे के चाही।

**********

सरकार संघ लोकसेवा आयोग–यूपीएससी के नौकरसाही में लैट्रल इंट्री से जुड़ल विज्ञापन के रद्द कइले क निरदेस दिहले हवे। हलिये में यूपीएससी केन्द्रीय मंत्रालयन में पैतालीस संयुक्त सचिव, निदेसक अउर उप सचिवन के नियुक्ति कइले से जुड़ल एगो विज्ञापन जारी कइले रहल। केन्द्रीय मंत्री डाक्टर जितेन्द्र सिंह यूपीएससी क अध्यक्ष प्रीति सूदन के लिखल चिट्ठी में कहले कि प्रधानमंत्री क मानना हौ कि लैट्रल इंट्री क प्रक्रिया संविधान में समानता अउर समाजिक न्याय के सिद्धांत खास कर आरक्षण के प्रावधान के हिसाबि से होखे के चाही।

**********

एमबीबीएस अउर बीडीएस में प्रवेस खातिर उत्तर प्रदेस स्टेट कोटा के सीटिनि पर नीट कांउसिलिंग आजु से सुरू हो गइल। चौउबीस अगस्त ले चले वाले कांउसिलिंग में पहिला दिन्ने छात्र–छात्रा लोगिन के पंजीकरण अउर उनके दस्तावेजन के सत्यापन क प्रक्रिया सुरू भइल। कांउसिलिंग बदे आजु से चौबीस अगस्त ले पंजीकरण अउर अभिलेखन के अपलोड कइले के साथे पंजीकरण अउर धरोहर धनरसियों जमा कइल जाई। चौबीस अगस्त के मेरिट सूची जारी होई अउर एकरे बादे अभ्यर्थी ओनतीस अगस्त ले ऑनलाईन च्वाइस लॉक कइ सकिहें।

**********

उत्तर प्रदेस पुलिस भरती आ प्रोन्नित बोर्ड की ओरि से साठ हजार दुइ सौ चउवालिस पदन पर सिपहिन के भरती बदे परीक्षा तेइस, चउबीस, पचीस, तीस अउर एकतीस अगस्त के सडसठ जिलन के एक हजार एक सौ चउहत्तर परीक्षा केन्द्रन पर आयोजित होइ। प्रवेस पत्र परीक्षा तीथि से तीन दिन पहिले बोर्ड के अधिकारिक वेबसाइट से डाउनलोड होइ।

**********

प्रदेस क निजी नलकूप चलावे वाले किसान अब मुफ्त बिजली हासिल करे खातिर इकतीस अगस्त ले पंजीकरण कइ सकिहे। पावर कार्पोरेसन क प्रबंध निदेसक रजिस्ट्रेसन क आखिरी तारिख बढ़ावत सज्जों विभागी अधिकरियन के गांव–गांव में योजना के प्रसार क निरदेस दिहले हवे। योजना में उहे किसानन के मुफ्त बिजुली मिली जे विभागिय पोर्टल पर आपन रजिस्ट्रेसन करिहें अउर एकतीस मार्च दुइ हजार तेइस से पहिले क बकाया भुगतान कइ दिहें।

**********

राज्य के पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में आजु तड़के रूक रूक के मध्यम से तेज बरखा हो रहल हवे। बरखा के नाते लोगिन के उमस से बहुते राहत मिलल हौ। अजोध्या, गोरखपुर के लेके पूर्वी उत्तर के कइ गो जिलन में बढ़िया बरखा भइले के नाते किसानन के चेहरा खिल गइल हवे, ओहर बनारस में गंगा नदी के जलस्तर में बढ़ोत्तरी सुरू हो गइल हौ एह से कइ गो घाट पानी में बुड़ि गइल हवें। प्रसासन गंगा के किनारे रहे वाले लोगिन से सतर्क रहे क अपीलि कइले हवे। एह बिच्चे मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी जिलनों में बिहनों बरखा क आगम जतवले हवे।

**********